**Муниципальное бюджетное общеобразовательное учреждение**
**«Средняя общеобразовательная школа №9 г.Ачхой-Мартан»**

РАССМОТРЕНО
на заседании
методического совета
Протокол №6
от «29» мая 2026 г.

ПРИНЯТА
на заседании
педагогического совета
Протокол № 6
от «30» мая 2026 г.

«УТВЕРЖДАЮ»
Директор Тамриева Милана Вахаевна
Тамриева Милана Вахаевна
OU=Среднее общее образование, O="МБОУ ""СОШ №9 с.Ачхой-Мартан""", CN=Тамриева Милана Вахаевна, E=achhoy-9@mail.ru
Я являюсь автором этого документа
2026.08.12 15:53:29+03'00'
Тамриева М.В.
Приказ № 301/1-од
от «30» мая 2026 г.

Типовая дополнительная общеобразовательная общеразвивающая программа:
**«Подготовка к олимпиаде по чеченскому языку»**
Направленность программы: **социально-гуманитарная**

Возраст обучающейся: 17 лет
Сроки реализации программы: 1 год
Объем программы: 68 ч.

Разработчик: член Экспертного совета Муниципального опорного центра дополнительного образования Ачхой-Мартановского муниципального района – Башаева Мялхазни Мухтаровна.

г. Ачхой-Мартан
2026 г.

Программа прошла внутреннюю экспертизу и рекомендована к реализации в МБОУ «СОШ №9 г.Ачхой-Мартан» .

Экспертное заключение (рецензия) № 1 от «29» мая 2026 г.

Эксперт: Идрисова Марзет Маулатовна, ЗДМР

**1.Дакъа. Кхин т1е дешаран йукъара дешаран йукъара кхиоран программин коьрта характеристикаш.**

**1.1.** Нормативная правовая база к разработке дополнительных общеобразовательных программ: - Федеральный закон Российской Федерации от 29 декабря 2012 г. № 273-ФЗ «Об образовании в Российской Федерации» (далее - ФЗ № 273).

- Приказ Министерства Просвещения РФ № 629 от 27.07.2022 г. «Об утверждении Порядка организации и осуществления образовательной деятельности по дополнительным общеобразовательным программам» (с 01.03.2023 г.) (действует по 28 февраля 2029 г.).
- Приказ Минпросвещения России от 03.09.2019 N 467 «Об утверждении Целевой модели развития региональных систем дополнительного образования детей».
-Постановление Главного государственного санитарного врача Российской Федерации от 28.09.2020 № 28 "Об утверждении санитарных правил СП 2.4. 3648-20 "Санитарно-эпидемиологические требования к организациям воспитания и обучения, отдыха и оздоровления детей и молодежи".
- Приказ Министерства образования и науки Российской Федерации от 23.08.2017 г. № 816 "Об утверждении Порядка применения организациями, осуществляющими образовательную деятельность, электронного обучения, дистанционных образовательных технологий при реализации образовательных программ".
-Распоряжение Правительства РФ от 31 марта 2022 г. N 678-р Об утверждении Концепции развития дополнительного образования детей до 2030 г. и плана мероприятий по ее реализации.
- Письмо Минобрнауки РФ от 18.11.2015 № 09-3242 «О направлении рекомендаций» (вместе с Методические рекомендации по проектированию дополнительных общеразвивающих программ);
- Профессиональный стандарт «Педагог дополнительного образования детей и взрослых» (Приказ Минтруда и соцзащиты от 22 сентября 2021 г. N 652н);
- Приложение к письму Департамента молодежной политики, воспитания и социальной поддержки детей Минобразования и науки России от 11.12.2006 г. № 06-1844 «
- О примерных требованиях к программам дополнительного образования детей» (в частях, не противоречивых современному законодательству);
- Положение о ДООП.

## 1.2. Кхеторан кехат

Программа х1оттийна 9-чу,10-чу, 11-чу классашкахь нохчийн метан олимпиадина кечам беш методически г1о-накъосталла даран 1алашонца.

Нохчийн мотт хааро а, цуьнан тайп-тайпана кепаш, функциональни тайпанаш карадерзоро а, цуьнан стилистически башхаллех, суртхIотторан таронех кхетаро а, нохчийн маттах тайп-тайпанчу тIекаренан хьелашкахь нийса а, эвсараллица а пайдаэца хааро а билгалдоккху адаман кхиаме хилар.

Нохчийн матто, шен тIекаренан а, ойла йовзийтаран а коьрта функцеш кхочушйеш, адамашна йукъахь уьйр латтайо, адаман кхетам а, дог-ойла а кхолларехь дакъалоцу; нохчийн мотт нохчийн халкъан хаамаш,
оьздангаллин ламасташ, истори ларйаран а, йовзийтаран а коьрта гIирс бу.

Ишколехь нохчийн мотт Iамор тIехьажийна ду дешархочун оьздангаллин а, коммуникативни а культура кхачаме йалорна а, цуьнан интеллектан а, кхоллараллин а говзалла, ойлайар, иэс, суртхIоттор, ша кхочушден дешаран гIуллакх кхиорна а.

Нохчийн мотт Iаморан чулацам иштта тIехьажийна бу функциональни говзалла, адаман йешаран, текстех кхетаран, тайп-тайпанчу барамийн текстийн хаамах пайдаэцаран, цуьнан мах хадоран, цунах ойлайаран, шен Iалашонашка кхачаран, шен хаарш а, таронаш а шорйаран, йукъараллин дахарехь дакъалацаран интегративни хаар санна, кхиорна. Къамелан а, текстан а гIуллакх нохчийн меттан ишколан курсан къепе кхолларехь коьртаниг ду.

Цаьрца догIуш долу хаарш а, карадерзарш а далийна Iаморан метапредметни, предметни жамIийн ларамехь, Iаморан чулацамехь (дакъош: «Мотт а, къамел а», «Текст», «Меттан функциональни тайпанаш»).

Дешаран предметан чулацам кхочушбан таро йу классал арахьарчу гIуллакхдарехь: экскурсеш, тематикин мероприятеш, конкурсаш, и. д.кх.

## 1.3. 1алашонаш:

пох1ма долу дешархой билгалбахар;
пох1ма долчу дешархошна шайн говзаллех пайда эца аьтту бар;
пох1ма долчу дешархошна т1е тидам бахийтар;
пох1ма долчу дешархошна кхиамаш баха г1о дар.

## 1.4. Декхарш:

дешархойн пох1ма гучудаккхарехь болх бар;
шайн 1алашоне кхочург хиларх уьш тешор;
къинхьегамца бен лакхене кхочург цахиларх уьш тешор.

## 1.5. Методаш:

талларан (исследовательские)
лехаман (поисковые)
халонаш нисйаларан (проблемные)
йозанан белхийн (практические).

**1.6. Пох1ма долчу берашца бечу белхан мехаллаш.**

Пох1ма долу стаг жимчохь дуьйна цхьана говзаллица шен нийсархойх къаьсташ хуьлу. И тайпа дешархой билгалбахарехь хьехархочо цаьрца дукха болх бан беза. 1илманчаша билгалдаьккхина шайна хала нислуш долчу х1уманна т1ехь пох1ма долчу дешархошна къахьега ца лаьа аьлла, цундела Дала царна еллачу говзалли т1ехь уьш сабаха церан аьтту бан безаш бу.
Нохчийн мотт 1аморехь нислуш цхьацца тайпана халонаш йу. Цу т1е тидам а бохуьйтуш болх бан беза пох1ма долчу берашца, и халонаш йовзарна уьш шаьш т1е а кхуьуьйтуш. Х1ора пох1ма долу дешархо Дала шатайпана дика дина ву, цу диканах цуьнга шена а, нахана а пайда зцийта г1о дан деза, оцу 1алашонца цаьрца бечу белхан раж х1отто йеза.

**1.7. Дешархойн категори .** 13-17 шо.

**1.8. Программа кхеторан барам а, хан а**. 1 шо, 68 сахьт.

**1.9. Болх вовшахтохарехь дешаран кепаш а, цу г1уллакхан раж а:**

- Шен цхьана берана а, тобанан а белхаш.
- Тобанан белхаш
- Лекцеш;
- Практически белхаш ловзарийн кепехь, кицанам, х1етал-металш, ребусаш, кроссвордаш, туьйранаш.
- Къамел; дискусси, обсуждени; ловзаран программа.

**Дешаран вовшахтохаран процессан башхаллаш**. 13-17 шераш долу берийн тобанаш, цхьана тобанехь 3-8 дешархо.

**1аморан кепаш.** б1аьрахьалха дешар.

**Дешаран раж, мур, йохалла (хан).** Урок: к1ирнах шозза, 40 минотехь.

**Дешаран хьехаран некъаш д1ададахьар (кхочушдар):** къамел, олимпиадни т1едахкарш кхочушдар, теоретически а, практически а белхаш. Урокан хан - 40 м., сада1аран хан 5-10 мин.

**1аморан кепаш:** б1аьрахьалха дешар.

**Дешаран махкадоран г1ирс:** тестовы белхаш, КИМнаш.

**Дешаран тайпанаш:**

- Информаци лахар а, анализ йар а;
- Проблемни хьал кхочушдар, текстан анализ;
- презентаци и видеороликаш а хьовсар;
- тесташ а талламан т1едахкарш даханчу шерийн олимпиадан (ВСОШ).

**1.10. Олимпиадина кечамбаран курс чекхйаьлча дешархой хаа декхарийлахь бу:**

- Тайап-тайпанчу кепехь олиминадин тедахкарш кхочушцан ( тесташ,

коллараллин белхаш, йозанан кепехь хаттаршна жопаш йаздан);

- Текстан  талларан  башхаллаш йовзар; Нохчийн меттан луг1атех пайдазна.

**1.11. Нохчийн меттан а, литературин а урокашкахь пох1ма долчу дешархойн кху тайпана кхиамаш хила таро йу:**

-нохчийн меттан хаарш алсамдовлар;
-къовсадаларшкахь (олимпиадашкахь) хьалхара меттигаш йахар;
-нохчийн маттахь байташ а, дийцарш а йаздан 1амар;
- баккхийчаьргахула нохчийн ширделла дешнаш довзар;
- нохчийн ширлуш долу г1иллакхаш, 1адаташ карладахар;
- классал арахьа бечу белхан жигарло совйалар

**2 Дакъа. Нохчийн меттан тематикин планировани**

| № п/п | Программин дакъойн а, темийн а цIераш | Сахьтийн барам | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Дерриг | Теори | Практика |
| **Дакъа 1. ТЕКСТ** | | | | |
| 1.1. | Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а. Текстан композиционни дIахIоттам.<br>Къамелан функцинальни-маьIнин тайпанаш. | 4 | 1 | 3 |
| 1.2. | Дийцар къамелан тайпа санна. Текстан маьIнин анализ. Текстан хаамаш<br>хийцар | 8 | 2 | 6 |
| **Дерриг:** | | **12** | | |
| **Дакъа 2. МЕТТАН КЪЕПЕ** | | | | |
| 2.1 | Орфографи | 8 | 2 | 6 |
| 2.2 | Лексикологи | 10 | 4 | 6 |
| 2.3 | Дешан хIоттам а, дошкхолладалар а | 4 | 1 | 3 |
| **Дерриг:** | | **22** | | |
| **Дакъа 3. МОРФОЛОГИ. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА. ОРФОГРАФИ** | | | | |
| 3.1 | Ц1ердош | 8 | 2 | 6 |
| 3.2 | Билгалдош | 8 | 2 | 6 |
| **Дерриг:** | | **16** | | |
| **Дакъа 4. СИНТАКСИС. КЪАМЕЛАН ОЬЗДАНГАЛЛА. ПУНКТУАЦИ** | | | | |
| 4.1 | Синтаксис лингвистикин дакъа санна. Дешнийн цхьаьнакхетар | 12 | 6 | 6 |
| 4.2 | Цхьалхе шинахIоттаман предложени | 6 | 3 | 3 |
| **Дерриг:** | | **68** | | |

## 2.1. Нохчийн меттан дешаран предметан чулацам

**Текст**

Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а. Текстан тема а, коьрта ойла а.
Текстан микротема. Коьрта маьIна чулоцу дешнаш.
Къамелан функциональни-маьIнин тайпанаш: суртхIоттор, дийцар, ойлайар; церан башхаллаш.
Текстан композиционни дIахIоттам. Абзац текст композиционни-маьIнин дакъошка йекъаран гIирс санна.
Текстан дакъош а, предложенеш а вовшахтосу гIирсаш:
дешан кепаш, цхьанаораман (гергара) дешнаш, синонимаш, антонимаш, йаххьийн цIерметдешнаш, дешан йухаалар.
Текстан маьIнин анализ: цуьнан композиционни башхаллийн, микротемийн, абзацийн, текстехь предложенеш вовшахтосучу гIирсийн а, кепийн а; меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэцар (Iамийнчун барамехь).
Текстан хаамаш хийцар: текстан цхьалхе а, чолхе а план.

**Орфографи**

Орфографи лингвистикин дакъа санна.
***Й*** элпан нийсайаздар.
Къасторан ***ъ, ь*** хьаьркийн нийсайаздар.

**Лексикологи**

Лексикологи лингвистикин дакъа санна.
Дош – меттан коьрта дакъа. Цхьа маьIна долу а, дукха маьIнаш долу а дешнаш; дешан нийса а, тIедеана а маьIна.
**Синонимаш.** Антонимаш. Омонимаш. ЦIена нохчийн а, тIеэцна а дешнаш.
Дешан хIоттам а, дошкхолладалар а
**Морфема** меттан уггар жима маьIне дакъа санна.
Морфемийн тайпанаш.
Дешан лард а, чаккхе а. Орам, дешхьалхе, суффикс. Цхьанаораман (гергара) дешнаш.
Дошкхолладалар а, дошхийцадалар а.
**Морфологи.** Къамелан оьздангалла. Орфографи ЦIердош
ЦIердош къамелан дакъа санна. ЦIердешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. Къамелехь цIердешан гIуллакх.
Долахь а, йукъара а цIердешнаш. ЦIердешнийн
грамматически классаш. ЦIердешнийн терахь. Цхьаллин йа дукхаллин терахьан кеп бен йоцу цIердешнаш.
ЦIердешнийн легарш. Диъ легар. Дожарийн маьIна. ЦIердешнийн дожарийн чаккхенаш нийсайазйар.
**Билгалдош**
Билгалдош къамелан дакъа санна. Билгалдешан йукъара грамматически маьIна, морфологически билгалонаш,
синтаксически функцеш.
Синтаксис. Къамелан оьздангалла. Пунктуаци
Предложени а, цуьнан билгалонаш а.
Предложенин коьрта меженаш (грамматически лард). Подлежащи а, сказуеми а предложенин коьрта меженаш санна. Сказуемин подлежащица барт хилар.
Грамматически лардийн масалле хьаьжжина, предложенийн тайпанаш: цхьалхе, чолхе.
Йаьржина а, йаржаза а предложенеш.

## 3. Дакъа. Дешаран шарахь нохчийн мотт хьехаран план

| № | 1амочу коьчалан ц1е | Сахьт | | |
|---|---|---|---|---|
| *1* | Текст а, цуьнан коьрта билгалонаш а. Текстан композиционни дIахIоттам. | 1 | | |
| 2 | Къамелан функциональни-маьIнин тайпанаш. | 1 | | |
| 3 | Дийцар къамелан тайпа санна. | 1 | | |
| 4 | Текстан маьIнин анализ. | 1 | | |
| 5 | Текстан хаамаш хийцар. | 1 | | |
| 6 | Орфографи лингвистикин дакъа санна | 1 | | |
| 7 | Й элпан нийсайаздар. | 1 | | |
| 8 | Дош – меттан коьрта дакъа. Цхьа маьIна долу а, дукха маьIнаш долу а дешнаш. | 1 | | |
| 9 | Дешан нийса а, тIедеана а маьIнаш. | 1 | | |
| 10 | Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш. | 1 | | |
| 11 | Синонимаш. Антонимаш. Омонимаш. | 1 | | |
| 12 | Лексически дошамийн тайпанаш а, ненан меттан дешнийн хьал карадерзорехь цара ден гIуллакх а. | 1 | | |
| 13 | ЦIена нохчийн а, тIеэцна а дешнаш. | 1 | | |
| 14 | Морфема меттан уггар жима маьIне дакъа. | 1 | | |
| 15 | Цхьанаораман (гергара) дешнаш, легарш, классаш, терахь. | 1 | | |
| 16 | ЦIердош къамелан дакъа санна. | 1 | | |
| 17 | ЦIердош, морфологически билгалонаш, синтаксически функцеш. | 1 | | |
| 18 | Текстан маьIнин анализ | 1 | | |
| 19 | Сочиненин д1ах1оттам | 1 | | |
| 20 | Сочинени вовшахтохар | 1 | | |
| 21 | Изложени | 1 | | |
| 22 | Лааме а, лаамаза а билгалдешнаш | 1 | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 23 | Билгалдешнийн терахьашца хийцадалар | 1 | | |
| 24 | Билгалдешнийн легарш | 1 | | |
| 25 | Билгалдош морфологически къастор. | 1 | | |
| 26 | Чолхе  предложенеш | 1 | | |
| 27 | Синтаксисах, пунктуацех лаьцна кхетам. | 1 | | |
| 28 | Сацаран хьаьркаш а, церан функцеш а. | 1 | | |
| 29 | Предложени а, цуьнан билгалонаш а. Предложенийн тайпанаш. | 1 | | |
| 30 | Нохчийн меттан коьрта гайтаран-исбаьхьаллин гIирсаш (метафора, эпитет, дустар, гипербола, олицетворени) | 1 | | |
| 31 | Олимпиадни т1едахкарш  кхочушдар. | 1 | | |
| 32 | Текстан   д1ахоттам. | 1 | | |
| 34 | 1амийнарг карладаккхар | 1 | | |

**Литературин список**

**Хьехархошна**

1. Абдуразаков Ш.И. 1аламан совг1аташ. Русско-чеченский словарь флоры и фауны. – Грозный: ОА «ИПК «Грозненский рабочий», 2016. – 192 с.
2. Арсанукаев, А.М., Михтеева Т.И. Чеченско-русский, русско-чеченский словарь. – Грозный: ГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2008. – 190 с.
3. Вагапов А. Д. Словарь синонимов чеченского языка. – Тбилиси: «Меридиан», 2011. – 734 с.

**Дешархошна**

4. Ибрагимов Лоьма. Нохчийн фразеологизмийн маьIнадаран дошам (Толковый словарь чеченских фразеологизмов). – Грозный: ГУП «Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий», 2004. – 128 с.
5. Мациев А.Г. Нохчийн-оьрсийн словарь. (Чеченско-русский словарь). – Грозный: ФГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2010. – 656 с.
6. Умархаджиев С.М., Астемиров А.В., Асхабов Х.И., Бадаева А.С., Вагапов А.Д., Израилова Э.С., Султанов З. А. Русско-чеченский, чеченско-русский словарь компьютерной лексики. – Грозный, АН ЧР, 2017. – 238 с.
7. Халидов А.И. Словарь лингвистических терминов чеченского языка. – Грозный: ГУП «Книжное издательство», 2012. – 448 с.

***Интернет-ресурсаш***

8. Нохчийн меттан лексикин-семантикин тезаурус (Лексико-семантический тезаурус чеченского языка)//URL: http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/
9. Образовательный портал «Чеченская электронная школа» //URL:https://desharkho.ru/
10. Чеченско-русский, русско-чеченский онлайн-словарь. Дикдошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/
11. Демонстрационные варианты заданий https://olympiadsvosh.s-vfu.ru/materials/118